

**PANGARUH MEDIA GAMBAR PIKEUNKANA KAGIATAN DIAJAR SISWA  
DINA PANGAJARAN TEMATIK DI KELAS HANDAP SDN sa-KACAMATAN  
TELAGASARI KARAWANG**

**Ku**

**Nabila Andini  
165060053**

**RINGKESAN**

*Média gambar pohara mantuan pikeun ngaronjatkeun kagiatan diajar siswa lantaran ngalibetkeun sakabéh poténsi anu dipiboga siswa pikeun ngahontal hasil diajar anu maksimal. Sawatara guru Sekolah Dasar Negeri sa-Kacamatan Telagasari Karawang geus usaha pikeun maksimalkeun pamakéan média pangajaran Tématik hususna di kelas handap, sanajan aya ogé sabagian guru anu can ngagunakeun média pangajaran lantaran sakola tempat ngajarna tacan mampuh. nyumponan kabutuhan média gambar. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho pangaruh média gambar kana kagiatan diajar siswa dina pangajaran tématik di kelas handap Sekolah Dasar Negeri sa-Kacamatan Telagasari Karawang. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode panalungtikan kuantitatif dina wangun métode survéy. Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nya éta téhnik obsérvasi jeung angkét. Data anu geus dikumpulkeun diolah ngagunakeun téhnik statistik inferensial kalawan analisis régrési basajan. Hasil tina ieu panalungtikan nuduhkeun yén koefisien korélasi ngagunakeun média gambar dina kagiatan diajar siswa nyaéta 0,44. Samentara éta, koefisien determinasi nyaéta 44%. Hartina, pamakéan média gambar dina prosés kagiatan diajar ngajar di kelas handap di Sekolah Dasar Negeri sa-Kacamatan Telagasari Karawang miboga pangaruh anu signifikan kana kagiatan diajar siswa kelas handap di Sekolah Dasar Negeri sa-Kacamatan Telagasari Karawang.*

*Kecap pamageuh: Média gambar, kagiatan diajar, Tematik*